

Bible lessons. **Lesson 27 JACOB'S LADDER**

Genesis 28:5-22

Memory verse: **"In the same way, the spirit also helps our weaknesses, for we do not know to pray as we ought. But the spirit makes intercessions for us with groaning which cannot be uttered." Rom. 8:26**

YAKOBO AHUNZE ; AROTA INGAZI

Icirwa ca 41

Itang. 28:5-22.

Umurongo ngenderwako : **« Niko na Mpwemu adufasha mu ntege nke zacu, kuko tutazi uko dukwiye gusenga, ariko Mpwemu ubwiwe aradusengera, aniha iminiho itovurwa. » Rom. 8:26**

I. Intangamarara:

Inyuma yaho Yakobo atwaye umugisha wa mwenewabo Esawu, nyina na se bamusavye guhungira i Padani-Aramu kwa inarume Labani kugira mwenewabo Esawu yashavuye ntamwice, Kandi abe ariyo azokura umugore. Ni mu muryango wa Aburahamu. Esawu avyumvise aca aranyaragasa nawe akurayo umugore muri bene Ishimayeli. Kwari ukugira arabe ko wa mugisha wozohava ukamubako naho yawitangiye n'akanwa kiwe. Ntaco vyavuyemwo kandi inkuru ziwe zacye zibagiranwa, ariko Yakobo we zirushiriza kwandikwa.

II. Yakobo ava m'urugo.

Yakobo aragenda, ageze mu nzira atora ibuye araryiseguza araryama. Yari mu gihe c'ibibazo bikomeye ari umwe, mugahinga ata nakimwe afise yihebuye.

Itang. 25:27b « *Yakobo we yaratekereza (umunyamahoro) akibera mu mahema.* » Ibi vyatumye Imana imusanga muri ayo magorwa iramugendera imuha isezerano. Birashoboka ko amaze kwikangura yivuganiye ngo : « Imana ntiyampevyeye kandi nzogaruka mu gihugu canje c'amavuko mbone abavyeyi banje. » kuri yakobo cari igihe co kwigishwa. Kuri buri wese ari mu rugendo biramushikako ubugararwa, ubukene, inwara, gufungwa... ariko Imana ntiguta igihe wihanganye ntubicumuriremwo. Iraza ikavugana nawe.

III. Indoto za yakobo hafi y'i Harani

Imana yegera Yakobo mu nzira y'inzizi. Ibintu 3 muri izi nzizi za Yakobo :

1. **Ingazi** : Umurongo wa 12 : Abona ingazi ishinze hasi, umutwe wayo ugashika mw'ijuru vyerekana ko hagati y'umuntu kugatwe kiwe hama hariho icuririzo kimuhuza n'Imana mu bihe vyose vy'amagorwa canke amahirwe.

2. **Abamarayika** : Yakobo yababonye baduga bamanka aho Yakobo aryamye mu gahinga. Nukuvuga ko Imana iyo ikwishimiye itabura kukugendera igihe cose naho woba wihebuye. Igicacura ikiraro cawe n'Imana ni icha gusa si amagorwa.

3. **Ijwi ry'Imana** : Umurongo wa 13 na 14. Imana yivuganira nawe niho yamenya ko Umugisha yahawe na se, Imana iwushingiye intahe. Aravuga ati : « nukuri ndi umwana w'Imana, » ndi kumwe nawe, nzokuzigama, nzokuyoboa, sinzoguheba, nzogushitsako amaszerano yose nagiranye na Aburahamu. Naho haboneka ari mugahinga, arabwirwa ko hazohinduka uburagamo bw'abantu benshi bazova munda yiwe.

IV. Inyishu za Yakobo.

Umurongo wa 16. « *Nukuri Imana iri aha hantu kandi sinari ndabizi.* » Uku niko abenshi bagera aho bibaza ko vyukuri Imana yoba iri kumwe nabo iyo bitegereje ingorane bariko baracamwo. Ari kumwe nawe iyo uriko urasenga, uri mu rusengero, iyo uriko urasoma bibiliya.... Azohora ari kumwe nawe muri vyose no gushika mu rupfu.

Umurongo wa 17. Aravyemera, aca ahita « Beteli » inzu y'Imana. mumutwenzi aca ahubakira Uhoraho igicaniro.

V. Indahiro ya Yakobo.

Iyi ndahiro isigura ibintu bibiri hagati ya Yakobo n'Imana :

- Yakoresheje « je, jewe n'ivyanje. » bivuga ko ahaye ubuzima bwiwe n'ivyawe vyose Imana, yemeye kuyikorera imisi yo kubaho kwiwe kwose.
- Niyo wampa ivyo kurya n'ivyo kwambara nkazogaruka amahoro nzo gutangira icacumi. Aha mubuzima hama hari ingorane kugira umuntu aronke ivyankenerwa mu buzima : indrya, umwambaro n'aho kubo kandi ibi iyo tubironse tuba turi abahirwe. **1timo6 :8** « *ariko iyo dufise ivyo turya n'ivyo twambara biba bitubumvye.* » hari abenshi bahahamiye ibirenze ivyo.
- Yarakokeranije, ati : **niyo** wagarukana nzogutangira icacumi. Iyo utanga icacumi neza, Imana ihora icibuka no mugihe c'amageragezwa. **Zab.20 :3** « *Yibuke amashikanwa yawe yose, yakire ikimazi cawe gituriwe.* »

VI. Inyishu y'Imana kuri Yakobo.

- 1) Agacerere. (Silence) aha Imana yari yamaze kumubwira ivyo itegura vyose ibona nawe ni umunyamajambo ica irihorera. Rimwe na rimwe iyo ubonye uwo muvugana ari kugutesha umwanya canke adatahura ico uvuga (loafer) canke mbere wabonye ari umunyantege nke wewe munyamahoro umwishuza agacerere. Urinumira ukabandanya ivyawe.
- 2) Yamuteguriye ishuri azotahuriramwo vyinshi mu buhungira ari umukozi kwa inarume. Azoronkayo umwigisha n'ikibaho. Isi irigisha itanditse.

VII. Gushira mu ngiro.

Mu buzima duhura n'ibibazo vyinshi, ariko igihe cose uzigamye ukwizera, Imana yama hafi yawe na **Mpwemu aradusengera**. « Ntaho nzoguhemukira ntaho nzoguta. » **Heb. 13:5b**.